



Gusti Yesus nyelametaké kowé




Wiwit saka rahim ibumu
Gusti Yésus wis njaga kowé

Nalika kowé lair,
Panjenengané uga
isih ngurus kowé.


Gusti Yésus seneng kowé lair.

Nanging, uga prihatin
sabab wiwit kowé lair
wis nggawa dosa.


(Mazmur 51:7)




Merga Dosa,
kowé isa...




ngapusi,




nesu-nesu




nyolong,





nyiksa,

mbedha



nirun,

lan nglakokké
dosa-dosa liyané.

Kowé kudu diukum,
amarga **DOSA** kuwi.

Lan dosa nggawé kowé
kapisah saka Panjene-
ngané *(Roma 6:23)*





nanging, Gusti Yésus trésna marang kowé
lan Gusti Yésus kepengin nylametké kowé
supaya kowé ora dimusnahké.

(Yohanes 3:16)

Piyé carané Gusti Yésus
nylamatké kowé?

Yésus mudhun menyang donya
saking dalemé ing swarga
supaya dadi manungsa.

Panjenengané réla
mati ing salib kanggo
nebus dosamu!





Ing dina kang katelu,
Panjenengané wungu
saka antarané wong mati
lan unggul ing ngatasé dosa.
(Roma 5:9)



Gusti Yésus gelem dadi Juru Slametmu
lan nunggil bareng kowé salawas-lawasé.

Gusti Yésus kepéngin kowé teka marang
Panjenengané



Supaya Gusti Yésus bisa
ngancani kowé salawas-lawasé.

Kowé isa teka marang Gusti Yésus
srana ngucapné donga iki:

Gusti Yésus,
kula anak sing akèh dosané.
Nanging Panjenenganipun tresna marang kula.
Panjenenganipun kersa séda ing salib
kagem nebus dosa-dosa kula.
Saha ngaputen kabeh dosa-dosa kula
tuwin nebus kula.
Gusti Yésus,
badhé manjing ing sajroning manah kula.
dadosa Juru Wilujeng kula
mugi Paduka kersa ngagem gesang kawula
supados kula dados paseksi Panjenenganipun.
Matur nuwun Gusti Yesus, Juru Wilujeng kula.
Amin.

*Sabab, manawa sarana tutukmu
kowé ngakoni yen Gusti Yésus iku Gusti,
lan atimu pracaya yen Gusti Allah wus mungokaké
Panjenengané saka ing antarané wong mati,
kowé bakal kapitulungan rahayu..
(Roma 10:9)*

©SABDA

Yayasan Lembaga SABDA: <ylsa.org>
Portal SABDA: <sabda.org> Blog: <blog.sabda.org>
e-mail: ylsa@sabda.org facebook: fb@sabda.org